

balanced chemical equation	ekwasyon chimik balanse	ekwasyon chimik ki gen menm kantite atòm chak eleman genyen sou toulède manm ekwasyon an.
balanced forces	fòs ekilibre	fòs sou yon objè ki asosye pou bay yon fòs nè nil epi pou pa chanje mouvman objè a.
basaltic	bazaltik	ki dekri wòch iye nwa ki dans ki fòme nan magma ki rich avèk mayezyòm ak fè, men ki pòv an silis.
base	baz	sibstans ki gen pH (potansyèl idwojèn) ki depase 7.
basidium	bazid	estrikti repwodiktif an fòm masi kote mikoz masi a pwodui espò.
basin	basen	espas plat sou latè kote yon oseyan te fòme lè espas la te plen dlo tòran lapli.
batholith	batolit	pi gwo etandi wòch igne (plitonik) entrizif ki fòme lè magma ki fòse anwo nan direksyon kwout tè a refwadi lantman epi vin solid anba tè a.
beach	plaj	depo sediman avèk materyo ki diferan nan tay, koulè ak konpozisyon; anjeneral yo jwenn li sou yon kòt ki lis epi ki an pant dou.
behavior	konpòtman	fason yon òganis aji avèk lòt òganis yo ak anviwònman li; li ka ine oswa yo ka aprann li.
benthos	bentos	plant ak zannimo maren k ap viv anba oswa sou fon oseyan an.
beta particle	patikil beta	elektwon ki emèt nan yon nwayo atomik ki an dekonpozisyon.
bias	byè	rive lè previzyon yon savan chanje fason li konsidere rezilta yon eksperyans.
big bang theory	teyori big-bang	endike depi apeprè 13.7 bilyon ane, linivè a te kòmanse avèk yon gwo eksplozyon flanm.

bilateral symmetry	simetri bilateral	pati yon kò ki ranje yon fason sanblab sou de (2) bò kò a, avèk chak mwatye ki reprezante prèske yon imaj minè lòt mwatye a.
binary compound	konpoze binè	konpoze ki fòme ak de (2) eleman.
binomial nomenclature	nomanklati binomyal	sistèm apelasyon a de (2) mo ki ba tout òganis non syantifik yo.
biogenesis	byojenèz	teyori ki endike kreyati vivan sòti sèlman nan lòt kreyati vivan.
biological vector	vektè byolojik	òganis potè maladi, tankou yon rat, yon moustik, oswa yon mouch ki gaye maladi enfektye.
biomass energy	enèji byomas	enèji renouvlab yo retire nan matyè òganik k ap boule tankou bwa ak alkòl.
biomass	byomas	matyè òganik ki sòti nan plant ak zannimo, tankou bwa ak fimye zannimo, ki ka boule pou bay chalè.
biomes	biyòm	gwo espas jeyografik ki gen klima sanblab; pami klima yo genyen tundra, tayiga, dezè, forè tanpere kote pyebwa yo gen fèy mi, forè twopikal imid tanpere, forè twopikal imid ak prerri.
biosphere	byosfè	pati latè ki sipòte lavi, avèk tou pati siperyè kwout tè a, atmosfè a ak tout dlo ki sou sifas latè.
biotic	byotik	karakteristik anviwònman ki vivan oswa ki te vivan nan tan lontan.
black hole	twou nwa	dènye etap nan evolisyon yon etwal ki gwo anpil, kote mas nwayo a konprese nan yon pwèn, sa ki lakòz fòs gravite a tèlman pisan, menm limyè pa ka sòti.
bladder	blad pipi	ògàn elastik ak miskilè ki kenbe pipi jouk li sòti nan kò a atravè irèt la.

boiling point	tanperati pou bouyi	tanperati kote presyon vapè ki nan likid la egal ak presyon ekstrèm k ap aji sou sifas likid la.
brain stem	tij sèvo	konekte sèvo a avèk mwal epinyè epi li fòme avèk mezensefal la, pon an ak mwal la.
breaker	brizan	vag oseyan k ap fè leve-bese ki fòme nan dlo plat epi ki kraze sou rivaj la.
bronchi	bwonch	de (2) tib kout rakòde nan pwent anba trache a epi ki potè lè nan poumon yo.
budding	boujònman	fòm repwodiksyon aseksyèl kote yon nouvo òganis ki gen idantite jenetik fòme sou kote òganis paran li.
buffer	tanpon	solisyon ki gen iyon ki reyaji avèk asid oswa baz yo ajoute epi ki minimize efè yo sou pH (potansyèl idwojèn).
buoyancy	flotabilite	pwopriyete yon fliyid-yon likid oswa yon gaz-pou egzèse yon fòs anwo sou yon objè ki plonje nan fliyid la.